

## БÆРЦÆ ФЕДАУЦÆ ÆМА ФАРНÆХÆССÆГ КУ НÆ УА, УÆД СИ КАДÆ НÆЙЙЕС!..

*Мадæ ТЕРЕЗÆ, силгоймаг-моладзан: «Æнæгъæнæ дуйней сабурдзийнади туххæй ци æй уæ бон искæнун? Уæхемæ ’рбацæун æма дæ бийнонтæ уарзун. Бийнонтæ исаразунæн фагæ ’й бауарзун. Багъæуай кæнунæн ба гъæуй бухсун æма хатир кæнунбæл исахур кæнун. Амонд е æй, æма дæ сувæллæнттæн алцæмæй дæр хуарз ку уа... Æма сæбæл дæ зæрдæ нæ ресуй!.. Сувæллæнттæ дин ес, е гъæздугдзийнадæ ’й, мадæ ун – агъазиаудæр амонд!..»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№3 (923) 2024 анзи 27 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман



БИТИТИ Алани конд хуызæ.

# РÆВДУД БИЙНОНТИ ФАРНÆЙ ФИДИБÆСТÆ ФЕДАР КÆНУЙ...

Зундгонд куд æй, уотемæй аци анз Уæрæсей нимад цæуй куд бийнонти Анз. Æма уой фæдбæл арæзт цæуй берæ аллихузон ахсгиаг мадзæлттæ. Сæ еу – Уæрæсей Президент Владимир ПУТИН æрæги бафинста сæрмагонд Указ берæсувæллонгин бийнонтæн социалон агъаздзийнæдти туххæй. Уоми куд загъд ес, уотемæй Уæрæсей Федераций берæсувæллонгин бийнонтæбæл нимад æнцæ æртæ æма фулдæр сувæллæнтти хæццæ бийнонтæ. Уонæн сæ статус æй æнæмгъудон. Уæдта син социалон агъази мадзæлттæ лæвæрд цæунцæ, хестæрбæл цалинмæ 18 анзи кенæ ибæл, ахургæнæндони, комкоммæ уагæй ахургæнгæй, 23 анзи нæ исæнхæст æй, уæдмæ.

Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ нисангонд цæунцæ берæсувæллонгин бийнонтæн социалон агъаздзийнади мадзæлттæ. Уони туххæй дзубанди цубурæй цæуй, абони нæ газети 2-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уоми.

Зæгъуйнаг ма ан, уой дæр, æма уæ 8-аг фарсбæл ба зонгæ кæнæн бийнонти цардиуаги туххæй нæ адæмон исфæлдистадæй ист таурæхъти хæццæ.

## НÆ УОДВАРНИ ХÆЗНАТÆ БАГЪÆУАЙ КÆНУНГЪОН ГЪÆУАМА УÆН...



Нæ республики Хецауади Сæрдар ДЗАНАЙТИ Барис, æ хуæдæййевæг ПЛАТИ Альбинæ æма культури министр ФИДАРАТИ Руслан æрæги Мæскуй фембалдæнцæ Уæрæсей культури министради бæрнон косгутæ, уæдта культури аллихузон къабæзти архайæг косæндæнтти минæвæртти хæццæ. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.



## ИМИСÆН



Ленинградi блокади рæстæги еци сахари ци адæм бастъалдæнцæ, етæ æвæрд æнцæ Пискареви уæлмæрдти.

Ленинград немуцаг-фашистон блокадæй æнæгъæнæйдæр ку исуæгъдæ ’й (1944 анзи 27 январи), уобæл исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл абони æма фæстæдæр ци æрмæгутæ мухур кæндзинан, уонæй еу æй æмдзæвгæ «Пискаревы уæлмæрд», ниффинста æй поэт Сергей Давыдов.

Ци уæлмæрдти кой си кæнуй, е нæ дзиллæн зундгонд æй – ами се ’носон бунат иссирдтонцæ, Ленинградi блокади рæстæг аци сахари ка фæммард æй, еци тæрегъæддаг адæм.

Нæ газети абони номери ма 6-аг фарсбæл кæсетæ Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Александр Василевскийи æрмæг Ленинград блокадæй исуæгъдæ кæнуни туххæй.

**Сергей ДАВЫДОВ**

### ПИСКАРЕВЫ УÆЛМÆРД

Зилы дымгæ бæгънæг хихты
цырддæр,
Саударæг хъæд – æрхæндæг,
сæруагъд.
Бандзыг ингæныл урс
дзæнхъа, Цыртыл –
Берггольцы рæнхъытæ къахт.
Сыфтæр уынггæндты згъоры
дард…
Хъыг æрынцад æгуыппæгæй
дурыл,
Сау æфсæйнаг æбуалгъ
мастыл дзуры.
Тилы йе ’нусон базыр арт…
Ленинград! Æз дæ хъæбул
дæн,
де ’мрыст,
Судзаг хæсты æз бавзæрстон
де ’мниз,
Ацы уæлмæрд мæ риуы ис
арф.
Ам æрфынæй мæ горæтæн йе
’мбис,
Уый нæ хъусы, -
Куыд нæры арв.
Уыдоны хъыг нæ цард –
цæрæнбонтæн
Се стырдæр масты таурæгъ
ссис.
О, мæ горæт, æнæуынондæр
Уыд æппæтæй дæуæн фашизм.
Не ’фхæрд мадæлтæ, не ’нувыд
хотæ
Систы саудар цыртыты
лæууæн.
О, мæ горæт, æнæуынондæр
Нæй дунейыл фашизмæй
дæуæн!
Ленинград! Æз дæ хъæбул
дæн, де ’мрыст,
Судзаг хæсты æз бавзæрстон
де ’мниз,
Ацы уæлмæрд мæ риуы ис
арф.
Ам æрфынæй мæ горæтæн йе
’мбис,
Уый нæ хъусы, куыд нæры арв.

***ДЗАБОЛАТЫ Хазбийы тæлмац***

***Антон ЧЕХОВ (1860-1904), финсæг: «Адæймаг цалинмæ æ Хуцауи нæ иссера, уæдмæ æ надæй дзæгъæлтæ кæндзæнæй, нисан агордзæнæй, æ гъуддæгутæй арази некæд уодзæнæй. Сувæллæнтти кенæ адæми сæрбæлтау цæрæн нæййес. Кæд дин Хуцау нæййес, кенæ ба, цæй оххайбæл цæргæ 'й, уæд рамæлун гъæуй...»***

## АУОДУНДЗИЙНАДÆ



Дууæ хаттемæ хæстæг фæффулдæр уодзæнæй, Беслæни теракти гъигæдард ка баййафта, еци адæмæн сæхе дзæбæх кæнуни туххæй санаторитæ æма курорттæмæ фæццæунæн син ци æхцай фæрæзнитæ лæвæрд цæудзæнæй, уони бæрцæ. Кæд уой туххæй нуриуæнгæ анзмæ уагъд цудæй 30 миллион соми, уæд амæй фæстæмæ ба еци нимæдзæ хъæртдзæнæй 58 миллионемæ. Нæ республики разамонæг Сергей Меняйло уой фæдбæл куд загъта, утемæй равгæ уодзæнæй алли анз дæр санаторитæмæ 519 адæймаги æрветун – раздæри хæццæ рабаргæй, 183 фулдæр. Е æй Уæрæсей Президент Владимир Путини фæрци, уомæн æма сæрмагондæй байхæс кодта гъигæдард адæмæн 2030 анзей уæнгæ æхцай фæрæзнитæй агъаз фæффулдæр кæнун.

## АМАЛГЪОНАДÆ




Национ проект «Минкъий æма рæстæмбес амалгъонади» нæ республикæ разæнгардæй ке архайуй, уой фæрци Цæгат Иристони амалгъонадæн агъази хузи лæвæрд æрцæудзæнæй 115 миллион соми.

Еци æхцай фулдæр хай бахарз кæндзæнæнцæ, байамонуни æма ахури лæггæдтæн амалгъонади гъуддаг хуæрзæрæги ка райдæдта æма фагæ флæтæрддзийнадæ кæмæ нæма ес, еци адæмæн. 2023 анзи амалгъонадæн агъази туххæй нæ республики сæрмагонд фонд исаразта сæдæ ахурадон мадзали, архайдтонцæ си дууæ мин амалгъоней бæрцæ, уæдта ма, еци куст райдайæни фæндæ кæмæ ес, етæ дæр.

Иронх нæ 'нцæ æригон, уæдта социалон, зæгъæ, еци къуармæ ка хауй, еци амалгъон адæм дæр.

## ÆХСÆНАДОН ÆДАСДЗИЙНАДÆ



Евгъуд анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Уæрæсей регионти фудракæндтæ тæккæ минкъийдæр адтæй Цæцæни республики, тæккæ фулдæр ба – Республикæ Коми. Уæхæн хатдзæгмæ 'рцудæй е 'ртасæнти бундорбæл Уæрæсей информацион агентадæ.

Куд рабæрæг æй, утемæй Цæцæни республики 2023 анзи бæлвурдгонд æрцудæй 14,6 фудракæнди 10 мин цæрæгемæ гæсгæ нимайгæй. Дуккаг бунатмæ рацудæй Мæхъæли республикæ (40,8 фудракæнди), æртиккагмæ ба – Дагестан (43,7). Тæккæ бæрзонддæр бæрæггæнæн исбæлвурд кодтонцæ Коми (213,2); Карелий (210,1), Алтайи республики (209,2). Цæгат Иристон байахæста 37-аг бунат. Республики 2023 анзи дæс мин адæймагей хинцгæй æрцудæй 127,5 фудракæнди.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

**Зундгонд куд æй, утемæй 1-7 мартъий Сочий рацæудзæнæй фæсевæди Еугурдуйнеуон фестиваль. Уоми архайдзæнæнцæ Цæгат Иристони минæвæрттæ дæр – дæс æма цуппаринсæй кизги æма лæхъуæни.**

* * *

Æ фæзуат 261 гектари кæмæн уодзæнæй, уæхæн нæуæг цæрæн микрорайон исаразуйнаг æнцæ Дзæуæгигъæуи.

* * *

**Сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн ка агъаз кæнуй, еци медицинон косгутæн 2024 анзи дæр фист цæудзæнæнцæ социалон феддонтæ. Уой фæдбæл унаффæ бафинста Уæрæсей премьер-министр Михаил Мишустин. Еци феддонтæ син фист цæудзæнæнцæ, ка си ци бунати косуй æма æ бакусти еумæйаг рæстæгмæ гæсгæ.**

* * *

Уæрæсей статистикон управлени куд игъосун кæнуй, утемæй нæ бæсти цæргутæй фурнард ка кæнуй, уони бæрцæ зингæ фулдæр кæнуй. Зæгъæн, 2022 анзи бæлвурдгонд æрцудæй фурнард кæнуни 419 мин цауемæй фулдæр – е æй 2021 анзи бæрæггæнæнтæй 10% фулдæр. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма уони 'хсæн 14 анзей уæнгæ кари сувæллæнтти бæрцæ 'й 108 мини, никки 40 мин цауи ба 15-18-анздзуд æнагъонти хæццæ баст.

* * *

**Кавказаг Сæнай (Хъазбеги) хонх бахастонцæ Уæрæсей еугуремæй зæрдæмæдзæугæдæр фондз хонхей номхигъдмæ.**

**Балцитæн лæггадгæнæг сервис tutu.ru: 2 мин адæймагемæй фулдæрей æхсæн æрфарст исаразта. Бæлццæнттæ Уæрæсей еугуремæй зæрдæмæдзæугæдæр циуавæр хуæнхтæ нимайунцæ, зæгъгæ, эксперттæ уæхæн фарста равардтонцæ.**

**Номхигъди фиццаг бунат байахæссæг Эльбруси хонхбæл исгъæлæс кодтонцæ æрфарсти архайгути 21,61 проценти. Амунд хонхи фæсте номхигъди бунæттæ байахæстонцæ сочийаг Ахуни хонх (19,37 проценти), алтайаг Белухай хонх (9,44 проценти), Сæнай хонх (4,84 проценти) æма Красноярски крайи Саяни хонх (4,44 проценти).**

## УÆРÆСЕЙ ФЕДЕРАЦИЙ 2024 АНЗ НИМАД ЦÆУЙ БИЙНОНТИ АНЗБÆЛ



# ФУЛДÆР ÆРГОМ – ФУЛДÆР БÆРНОНДЗИЙНАДÆ

Уæрæсей Президент **Владимир Путин** берæсувæллонгин бийнонтæн социалон феддонтæ æма æндæр мадзæлттæй фæййагъаз кæнуни фæдбæл ци Указ бафинста, е адæми зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Уомæн æвдесæн æй, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити берæ аразий æрмæгутæ ке фæззиндтæй, е дæр. Уой фæдбæл дзубанди кæнгæй, Уæрæсей бийнонти Цæдеси сæрдар, авд сувæллоней фидæ **Владислав Гриб** уотæ загъта:

– Мæнмæ гæсгæ аци бардзурди сæйрагдæр ахедундзийнадæ е æй, æма Уæрæсей Федераций еугур регионти дæр берæсувæллонгин бийнонти бартæ æнхæстæй гъæуайгонд ке цæудзæнæнцæ. Нурæй фæстæмæ алли берæсувæллонгин ниййерæгмæ дæр уодзæнæй сæрмагонд еумæйаг æвдесæндар. Раздæр ба уæхæн бийнонтæн уæлбарæ мадзæлттæй агъаз кæнуни гъуддæгутæ æнхæстгонд цудæнцæ, етæ ци рауæни цардæнцæ, уоми син куд исаккаг кæниуонцæ, уомæ гæсгæ. Нурба еугуремæн дæр федаргонд æрцудæнцæ федералон стандарттæ æма нисангонд æрцудæй еци агъаздзийнæдти федералон номхигъд.

Уæлдай ахсгиагдæр æй е дæр, æма ниййергутæй æртæ сувæллони кæмæн ес, уонæн аллихузи лæггæдтæ конд ке цæудзæнæнцæ айдагъ Уæрæсей федералон æмвæзадæбæл нæ, фал регионалон æмвæзадæбæл дæр. Алли региони сæргълæууæг дæр анзмæ еухатт дзуапп дæтдзæнæй, еци бардзурд бунæтти куд æнхæстгонд цæуй, уобæл.

Берæсувæллонгин ниййергутæн лæвæрд цæудзæнæй уæлæнхасæн фæлладуадзæн рæстæгутæ (отпусктæ), уолæфæн бæнттæ, куст син ка дæттуй, уони 'рдигæй, цæмæй сæ сабийти хæццæ фулдæр рæстæг æрветонцæ. Лухгонд æрцудæй сæйгæ сувæллæнттæн хуастæ есуни фарста дæр. Нурæй фæстæмæ, æхсæз анзей уæнгæ кæбæл цæуй, еци сувæллæнттæн хуастæ лæвæрд цæудзæнæнцæ лæвар рецептæмæ гæсгæ.

Цæрæнуатбæл федуни лæггæдтæ дæр фæййасландæр уодзæнæнцæ, берæсувæллонгин бийнонти ахурдзау сабийтæ скъолати сехуар æма рæфтад кæндзæнæнцæ лæвар. Уотæ техникумтæ æма колледжти дæр. Уогæ еци гъуддаг Укази утид фæндони (рекомендаций) хузи амунд цæуй, фал æй мах зонæн, Президент ци зæгъа, е æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ке 'й æма æнхæстгонд дæр ке цæудзæнæй, уой. Куд æнгъæл дæн, утемæй аци фæткæ федаргонд æрцæудзæнæй регионалон закъонти хузи.

Утæ дæр ма зæгъуйнаг дæн, æма адæмæн Мæскуй ци уæлбарæ агъаздзийнæдтæ лæвæрд цæуй – Мæскуй ба, баруагæс уи уæд, берæсувæллонгин бийнонтæн хъæбæр хуарз агъазгонд цæуй, – етæ урухдæргонд æма æнхæстдæргонд æрцæудзæнæнцæ Уæрæсей субъектти дæр. Æма еци гъуддаг арæзт ку 'рцæуа, уæд е уодзæнæй зингæ размæцуд.

Куд берæсувæллонгин фидæ, утæ мин æхцæуæн æй, æгайтима ниййерæг мадæн дæр рагацау пенси фист ке цæудзæнæй.

Раст зæгъгæй, бæргæ хуарз уидæ фидæн дæр æ кустæй раздæр, гъома, пенсий рацæуни барæ ку уидæ. Уогæ уой дæр лæдæрун, æма мадæ фулдæр архайуй сувæллæнтти гъомбæлкæнуйнади. Мæ зæрдæмæ цæуй, фæллойнадон рахастдзийнæдти дæр берæсувæллонгин ниййергути пайдайæн нæуæгдзийнæдтæ хаст æрцæудзæнæй, е дæр. Берети ахид багъæуй хе харзæй фæлладуадзæн рæстæг (отпуск) райсун. Æма син уæхæн фадуат дæр уодзæнæй. Никки ба ма еу æхцæуæндзийнадæ: берæсувæллонгин бийнонти бон уодзæнæй культури уагæдæнттæмæ лæвар бацæун. Е исуодзæнæй агъазиау фæрæзнæ ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади.



### АМОНДИ АРТ АДÆМИ ЗÆРДИТÆ ТАВУЙ...

Фегъустайтæ, æвæдзи, уой, æма Мæскуй равдист-форум «Уæрæсе»-й Цæгат Иристони Бон арæзт ку 'рцудæй, уæд еци мадзали рæстæг сæ цард байеу кодтонцæ **Хетæгкати Константин** æма **Хъарданти Анжеликæ**. Æма æрæги ба ма аци æригон бийнонти царди æрцудæй еума ахсгиаг цау – етæ Цæгат Иристонмæ исластонцæ бийнонти Еугуруæрæсеуон къонай нисанеуæгон арт. Уой иссугътонцæ Мæскуй «Нæ зæрдити арт», зæгъгæ, мадзали, кæци арæзт æрцудæй форум «Хеуæнттæ-Уарзæнттæ»-йи. Уордæмæ еци арт ласт ба æрцудæй, бийнонтæ æма æмкъайадæбæл уозæлæг сугъдæг Петр æма Феврониий æстæгдартæ кæми 'нцæ, еци Сугъдæг-Троицкаг моладзанæй.

Хетæгкати бийнонтæн Беслæни аэропорти æгасцæуай загъта нæ республики фæллойни æма социалон ирæзти министри хуæдæйевæг **Мамати Анжелæ**. Æма æ радзубандйи утæ баханхæ кодта:

– Бийнонти нисанеуæггон арт Мæскуй форуми иссугътонцæ устур кадæ æма ради хæццæ. Е адтæй Президент **Владимир Путини** фæндæ. Архайдтонцæ си нæ бæсти еугур регионтæй уæлдай ма нæуæг регионтæ дæр. Нæ республикæй ба – Хетæгкати æригон бийнонтæ. Æма хъæбæр зæрдæмæдзæугæ рауадæй, форуми нæ адæми киндзæхсæвæри æгъдæуттæ æма фæткитæ æнхæст кæнгæй, киндзæхсæвæр ке исаразтонцæ, е. Адтæй си аллихузон адæмихæттити минæвæрттæ æма сæ еугуремæн дæр хъæбæр цæмæдесаг адтæй еци гъуддаг. Бийнонти арт Цæгат Иристонæй идарддæр хъæртдзæнæй Стъараполи краймæ, Цæгат Кавкази æма Уæрæсей федералон зилдтити иннæ регионтæмæ.

**Социалистон Фæллойни Бæгъатæр, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт механизатор Нæкусати Елæмурзай фурт Дагкой райгурдбæл 2 феврали æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-2007).**



Культурон-патриотон центр «Беслæн. 1-аг скъола».

# НÆ УОДВАРНИ ХÆЗНАТÆ БАГЪÆУАЙ КÆНУНГЪОН ГЪÆУАМА УÆН...

Уæрæсей Президент **Владимир Путин** æма Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** сæ косæг фембæлдти рæстæг ци фарстати фæдбæл æрдзубанди кодтонцæ, уони гъæугæ хузи исæнхæст кæнунбæл нуртæккæ цæуй бæлвурд куст. Уоми, дзубанди дæр ибæл нæййес, æнæмæнгæ багъæудзæнæй федералон министрадтæ æма ведомствити хæццæ æмгустадæ. Уой хинцгæй, нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барисæн** æма Хецауади бæрнон косгутæн адтæй фембæлдтитæ Мæскуй федералон бæрнон косгути хæццæ.Зæгъæн, Уæрæсей культури министри фиццаг хуæдæййевæг **Сергей Обрывалини** хæццæ фембæлди рæстæг æрдзурдтонцæ культури къабази ирæзти, агъазиау культурон нисантæ искæнуни хæццæ баст фарстатæбæл. Дзубандий архайдтонцæ Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ**, культури министр **Фидарати Сослан**. Федералон æнхæстгæнæг хецауадæй: культури министри унаффæгæнæг **Максим Кононов**, министради дæлхайæдти разамонгутæ, Уæлахези музейи сæргълæууæг **Александр Школьник**, паддзахадон бюджетон косæндонæ «Росконцерт»-и компани «Гранта продакшн»-и минæвæрттæ.

Фембæлди рæстæг æркастæнцæ культурон-патриотон центр «Беслæн. 1-аг скъола»-йи экспозицитæбæл бакосуни фарстамæ. Нуриуæнгæ бал бæстихай райаразтонцæ, идарддæр ба бавналдзæнæнцæ æ концепцимæ гæсгæ гъуддæгутæмæ, фæстæдæр – концептуалон проект царди уадзунмæ, дизайн-проект æма экспозици аразунмæ. Центри аййевадон-архитектурон концепцибæл косуй компани «Гранта продакшн», сæ хæццæ æмархайæг æнцæ Уæлахези музейи специалисттæ дæр.

Æрдзубанди ма кодтонцæ, республикæ ци цалдæр агъазиау юбилейи исбæрæг кæнуйнаг æй аци анз, уони хæццæ баст фарстатæбæл дæр. Еци юбилейтæ ба æнцæ: Иристон Уæрæсей хæццæ æрбайеуи 250 анзи, Дзæуæгигъæуи 240 анзи, республики автономий 100 анзи ци мадзæлттæ арæзт гъæуама æрцæуа, уонæй еу – Мæскуй рацæудзæнæнцæ Цæгат Иристони культури бæнттæ.

Цæмæй нисантæ ахедгæ хузи æнхæстгонд æрцæуонцæ, уой туххæй испайда кæнун гъæудзæнæй устурдæр фæзтæй – Евгений Вахтангови номбæл академион мæскуйаг театр, Устур театр, Фæсевæдон паддзахадон академион театр, Мæскуйаг паддзахадон академион филармони, Устур Фидибæстон тугъди Центрон музей, зал «Зарядье», Уæрæсейаг аййевæдти академи. Тематикон гъуддæгутæ конд æрцæудзæнæнцæ Федераций Совети æма Паддзахадон Думи дæр.

Дзанайти Барис куд фæббæрæг кодта, уотемæй культурон бундортæ багъæуай кæнун æма культури къабази ирæзтмæ республики разамунд устур æргом æздахунцæ æма идарддæр дæр æздахдзæнæнцæ.

– Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма Аланибæл исаргъуди 1100 анзи исæнхæсти фæлгæти берæ циртдзæвæнтæ исцалцæг кодтан. Цæгат Иристони автономий 100 анзей размæ дæр бавналдтан берæ гъуддæгутæ аразунмæ, аци юбилей бæрæг кæндзинан федералон æмвæзади. Мадта Иристон Уæрæсей хæццæ æрбайеуи гъуддæгутæ дæр искæндзинан нæхемæ республики дæр æма Мæскуй дæр. Алли цау дæр нин хъæбæр ахсгиаг æй, нæ ихæс æй бæрзонд æмвæзадæбæл сæ исæмбæлун. Еци рауæн нæ рази ’нцæ федералон разамунд», – загъта Хецауади Сæрдар.

Косæг фембæлди рæстæг дзубанди рауадæй лæмбунæг, гъуддагон, алкедæр си радзурдта бæлвурдæй, æхердигæй ци гъуддæгутæ æма нисантæбæл косуй, уони туххæй, фæббæрæг кодтонцæ «Росконцерт» æма культури косæндæнтти архайд еци устур нисанти. Æрдзубанди кодтонцæ республики культури идарддæри ирæзти фарстатæбæл.

Аци анз гъæуама Цæгат Иристони паддзахадон театр, Национ музей, Театралон аййевади музей, аййевæдти æма музыкалон скъолатæ гъæугæ ефтонггæрæзтæй банхæст кæнонцæ. Уомæй уæлдай, гъæуама моделон киунугæдонæ, культури гъæуугон хæдзæрттæн лæвæрд æрцæудзæнæнцæ паддзахадон агъаздзийнæдтæ, иннæ культурон косæндæнттæмæ дæр паддзахадон агъаз хъæртун кæндзæнæнцæ. Уонæн дехгонд æрцæудзæнæй дууинсæй миллион соми.



Æрæги Абхази культури Министрадæ куд фегъосун кодта, уотемæй Сухуми зингисервæзти фудæй басугъдæй Национ галерейи хузти фонд. Гъулæггагæн, зинги хай бацæнцæ 4 мин абхазаг æма фæсарæйнаг хузæгæнгути куститæ. Сæ хæццæ адтæнцæ фиццаг абхазаг хузæгæнæг Александр Чачба-Шервашидзей, Варварæ Бубнова æма Ольгæ Брендели конд хузтæ, XIX æма XX æности уруссаг æма абхазаг хузæгæнгути куститæ.

Уæхæн æверхъау уавæр ма ’руадзуни туххæй, Туйгъанти Махарбеги номбæл аййевадон музейи исаразтонцæ æмбурд. Архайдтонцæ си нæ республики æма Дзæуæгигъæуи хецаудзийнади минæвæрттæ, культури косгутæ, хузæгæнгутæ. Ци дзубанди си рауадæй, уой туххæй уин бæлвурддæрæй радзордзинан нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Тæрхонилæг æма хуасæгæнæг загътонцæ: цæй æма адæмæн ести хуарзи бацæуæн. Фал си адæм арази нæ адтæнцæ. Æнæнезтæ дзурдтонцæ: тæрхонилæг раст тæрхæнттæ нæ хæссуй, сæйгитæ ба хуасæгæнæгæй гъаст кодтонцæ, дзæбæх цæстæй нæмæ нæ кæсуй, зæгъгæ.

– Нæ кустæй арази неке æй, æма уæд уотемæй куд цæрæн?.. Цæуæн æма къæсибадæг уоси бафæрсæн, ци нин кæнгæ ’й, уомæй, – загътонцæ дууæ лæги.

Къæсибадæг уосæ ба син уотæ ку зæгъидæ:

– Никкæсайтæ æзмæнст донмæ. Еске уи си æхе уинуй?

Нæ, зæгъгæ, загътонцæ тæрхонилæг дæр æма хуасæгæнæг дæр.

– Нур ба рæсог донмæ никкæсайтæ…

– Гъай-гъай си уинæн нæхе. Айдæни куд уинай, раст гъе уотæ.

– Мадта бал, фиццаги-фиццагидæр, уæхуæдтæ зонетæ, уæ уодтæ искæдзос кæнетæ, æма уи уæд адæм дæр арази уодзæнæнцæ…

* * *

*Нури хецауеуæггæнгутæ дæр адæм ни æгириддæр боз нæ ’нцæ, зæгъгæ, зæрдихудтитæ кæнунцæ. Æма си гъæуама цæмæй уонцæ боз? Советон Цæдеси фехæлди фæсте лæкъун рæстæгутæй фæппайда кæнгæй, еугурадæмон мулкитæбæл ка фæххæлæф кодта, етæ нецитæ уогæй абони иссæнцæ «царди хецæуттæ». Æма уотæ кæд дзорунцæ, гъома, адæми хуарзæн архайæн, уæддæр мæнæ рæсог дони алцæй æцæгдзийнадæ дæр куд разиннуй, уотæ уонæн дæр бæрæгæй-бæрæгдæр æй сæ миути мæнгарддзийнадæ… Уогæ етæ сæхуæдтæ ба царди рæсогдзийнадæй, хелагæ бетъинайæй куд тæрсуй, уотæ тæрсунцæ.*



**Уæрæсей промышленности æма базаради министрадæ æй Индийæй нæ бæстæмæ хуастæ ласуни нихмæ. Министри хуæдæййевæг Екатеринæ ПРИЕЗЖЕВАЙ загъдмæ гæсгæ фæсарæйнаг хуастæ тæссаг æнцæ уæрæсейæгти цард æма æнæнездзийнадæн.**

* * *

Адæми æнæмæнгæ гъæугæ хуастæн сæ фулдæр нæхемæ Уæрæсей уагъд дæр нæ цæунцæ, нур ба ма зундгонд фæсарæйнаг хуастæй дæр гъæуама фенæхай уæн?.. Растдæр нæ уидæ, ка нæмæ нæййес æма тагъд рæстæги уогæ дæр ка нæ уодзæнæй, уæхæн хуæрзгъæдæ хуастæ амал кæнунбæл архайун?..



**Уæрæсей журналистти Цæдеси сæрдар Владимир СОЛОВЬЕВИ загъдмæ гæсгæ, Уæрæсейæй ци журналисттæ рандæнцæ, етæ «косунцæ знаги пайдайæн».**

* * *

Æма нур Уæрæсей бæркæдтæбæл ка хæлæф кæнуй, сæ мулкитæ ба Уæрæсей æндæр, нæ нихмæ знаггадæгæнæг паддзахæдтæмæ ка æрветуй æма уони мæнгарддзийнæдтæбæл финсуни бæсти сæ æстаунтæбæл ка иселлæг уй, еци журналисттæ ба ке пайдайæн архайунцæ?



**Надеждæ ГУЖЕВА куд финсуй, уотемæй саратоваг чиновниктæн аци анз райдæдта æнæнгъæлти æма зинæнхæстгæнæн нæуæгдзийнæдтæй: обласи хецауади унаффæй син нæбал æнгъездзæнæй дзиллон мадзæлттæмæ (уæлдайдæр ба адæми æма журналистти хæццæ фембæлдтитæмæ) хъазар кæрцити, ходти æма æндæр уæхæн дарæсти цæун.**

* * *

Гъо, сæ хъазар дарæстæ, еци æмбурдтæмæ не ’скæндзæнæнцæ, фал сæ хъазарæй-хъазардæр хуæдтолгитæ, сæ дессагæй-дессагдæр галауантæ ба адæмæй куд баримæхсдзæнæнцæ?

**Дæс æма дууинсæй анзей размæ (1974 анзи 2 феврали) Дзæуæгигъæуи цитгин æмбурди СЦКП-ий Центрон Комитети секретарь В.И. Долгих Цæгат Иристонæн равардта адæмти Хæлардзийнади орден.**

*ДЗАНАЙТИ Азанбеги номбæл трансконтиненталон культурон-рохсадон æма историон-мемориалон Культури фонд «Кади нæдтæбæл Америкæй Азий уæнгæ»-мæ гæсгæ Мæскуй Æркуди хонхи Уæлахези музейи «Кади зал»-и фиццаг хатт арæзт æрцудæй Кади имисæн бон Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Манголи Адæмон*



1943 анзи апърели МИЛДЗИХТИ Хаджимурзæ рæстæгмæ иссудæй Иристонмæ. Æгасцо ин зæгъунмæ æфсæнвæндагон вагзалмæ рацудæнцæ республики разамунд, фæллойнæгæнгутæ.

# ÆНДОНÆЙ ХЪÆБÆРДÆР – БÆГЪАТÆРИ ÆХСАРÆ!..



**Советон Цæдеси Бæгъатæр Милдзихти Хаджимурзæ финсæг Даурати Дамири хæццæ дзубанди кæнгæй, уотæ загъта: «Мæнæн сæйрагдæр æй, нæ цитгийнаг Хъæбæлоти Билар мин сауæнгæ фæсауюнмæ дæр куд аргъ кодта, ци ми дзурдта, е. Е мæнæй адтæй сæрустур, æз ба – уомæй. Уæлдай арфиаг ба адтæн нæ адæмæй. Кæмидæриддæр ку уинæ, еугурæйдæр мæнмæ кастæнцæ, мæн боц кодтонцæ. Æз мæхе устур амондгун худтон, æнгъалдтон, æносмæ дæр уотæ уодзæнæй... Кедæр цæстæ мин æй нæ бауарзта...»**

**Нæ номдзуд лæги æ аци гъенцъун загъдæй балæдæрæн ес – æдзæстуарзондзийнади незæй æгæр сæйæн, нæ аккæгтæн аккаг аргъгонд алкæд не 'рцæуй... Фал мах еци «незæй» ервæзт ан, æма абони идарддæр мухур кæнæн Цæгат Иристони адæмон финсæг Даурати Дамир æма зундгонд журналист Баллати Рити дзубанди (æрмæги фиццаг хай кæсетæ нæ газети раздæри номери) Милдзихти Хаджимурзи тухххæй, æрæгиæ райгурдбæл фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1998) ке исæнхæст æй, уой фæдбæл.**



**– Милдзихти Хаджимурзæн Советон Цæдеси Бæгъатæри ном лæвæрд ку 'рцудæй, уæд ин уой фæдбæл бæрзонд хуæрзеугутæ ба кæд, кæми æма ка равардта, ка ин æй бакодта æ фæтæн реубæл?**

– Æртæ госпитæлеми фæдздзæбæх кодтонцæ Хаджимурзи. Валдайæй æй раластонцæ Мæскумæ, хецæн уати æй ниввардтонцæ еунæгæй. Мæнæ мин кутемæй æримиста еци бæнттæй еуей. Æрбацудæй, дан, мæмæ госпитæли хецау æхуæдæг æма мин загъта:

– Иситсæ уæлæмæ, нуртæккæ дæмæ æрбацæуйнаг æнцæ иуазгутæ Кремлæй...

Еу сахатти бæрцæ, дан, рацудæй, уæдта дуар байгон æй æма уартæ 'рбацæуй... Михаил Калинин. Æ хузæй, дан, æй базудтон. Æ хъури мæ 'рбакодта æма загъта:

– Как дела, осетин? Поправляемся? Давай, давай, Герой. А ты знаешь, что я бывал на твоей родине?..

Еци дзурдти фæсте иннетæмæ æхе разилдта æма бабæй загъта:

– Это горная республика, где много пьют, но, представьте себе, совершенно не пьянеют.

Æ хæццæ еугурæйдæр нихудтæнцæ, уæдта еуемæн æ сæрæй райамудта æма имæ е сурх хæцъелæбæл цидæр æрбалæвардта, райхалдта 'й æма си разиндтæй хуæрзеугутæ – Сугъзæрийнæ Стъалу æма Ленини орден, мæ реубæл мин сæ бакодта æма бабæй загъта:

– Давай, давай ты теперь Герой Советского Союза. Об этом сегодня узнает вся наша страна!

Еугурæйдæр мин рардзæф кодтонцæ. Е адтæй 1942 анзи 16 мартъий.

**– Еци æхцæуæн хабар далæ æ райгурæн Елхоттæмæ ку исигъустæй, уæд цума уоми ба сæхе куд дардтонцæ? Кунæг нæ цийнæ кодтонцæ? Æ мадæ, æ фидæ...**

– Еци бæнттæ мин æхцæуæнæй æримиста æ кæстæр æнсувæр Петя:

– Нæ фидæ радио кæнун нæ уагъта æма е фарсбæл къуæттийæй ауигъдæй лæудтæй. Алкæд ба си Левитан æ бæзгин гъæлæсæй дзурдта, цума ин æ хъури хæтæлтæ наси сифæй нихххафтонцæ, уой хузæн дзурдта: «Карз æма дæргъвæтийнæ тохи фæсте не 'фсæдтæ нииуагътонцæ...» Æма бабæй не 'фсæдтæ ци сахартæ æма гъæутæ нииуадзиуонцæ, знагæй сæ багъæуай кæнунгъон ке нæ разиннииуонцæ, уой фудæй, уони нимайун ку райдаидæ, уæд нæ фидæ уонæмæ игъосунæй истухсидæ кæд, дан, мæ фурт дæр фæстæмæ цæугути 'хсæн æй, уæд, дан, нæ ходуйнаги кой райгъусдзæнæй...

Фал æз еу æхсæвæ мæнæ уæхæн фун фæууидтон: цума Хаджи нæ тургъи дуар æрбахуаста, уартæ нæмæ кауи сæрти медæмæ кæсуй, æ уæле ба дæргъæй-дæргъæмæ царин пъæлито, адтæй æнахур бæрзонд æма хуæрзконд. Бахудтæй мæмæ æма æ дæндæгутæ еугурæйдæр – æрттевагæ сугъзæрийнæй.

Сæумæй ку райгъал дæн, уæд мæ фун мæ мадæн радзурдтон æма е катаййи бацудæй:

– Цидæр æрцудæй нæ бицеубæл, кенæ хуарзæй... Кенæ лæгъузæй...

Уобæл нимад бæнттæ рацудæй æма нæмæ еу æхсæвæ нæ гъæуи хецауадæ, нæ синхæгтæ 'рбакалдæнцæ, нæ хуссæнтæй нæ фестун кодтонцæ, радиомæ, дан, цæмæннæ игъосетæ, Хаджи уин немуци ку ниццагъта, уæд...

Еци бонæй фæстæмæ мæ фидæ мæ æ разæй искæнидæ:

– Æма нæ радио кæмæннæ косуй? Бакæнæ 'й!.. Кадæр, дан, хæрæг уасунмæ куд дардта, уой дард æй ци кæнæн...

**– Мæскуй госпитæли 'й æ цæфтæй исдзæбæх кæнунмæ исласæн, зæгъгæ, ке хъæппæрес адтæй?**

– Мæскуй госпитæли цалдæр бонемæй уæлдай нæ фæцæй, Сочимæ 'й рарвистонцæ. Фал уæдмæ знаг еци сахармæ дæр бахæстæг æй, æма нин нæ бæгъатæр æмзæнхони гъæуама фæлластайуонцæ Астæуккаг Азимæ. Фал Хъулати Хъубади, Сталинæн æхемæ нидздзурдта, нæ Хъайтари нин нæхемæ рауадзетæ, нæхуæдтæ 'й исдзæбæх кæндзинан, зæгъгæ. Сталин æ хæццæ исарази æй. Ардигæй имæ дууæ лæги рандæй, исластонцæ 'й сæрмагонд вагони, гъæуайгæнгути хæццæ.

**– Æвæдзи ибæл хъæбæр бацийнæ кодтайуонцæ, вагзали поездæй ку рахизтæй уæд, Фидибæстон тугъди нæ фиццаг Бæгъатæр нæхе зæнхæбæл сæрæгасæй æ къах æрæвардта, зæгъгæ...**

– Мадта! Иристони хецауадæй фæсте некебал байзадæй, хумæтæг адæм дæр. Еугурей разæй ин нихъхъури кодта Хъубади æхуæдæг, Елхоттæ ин æ биймонтæмæ дæр сæрмагондæй хуæдтолгитæ рарвиста. Етæ 'й фиццаг госпитæли фæуидтонцæ. Уæд Дзæуæгигъæуи азари размæ 18-аг скъолай госпитæли адтæй, нæ хецауадæ имæ бонæ æртæ хатти цудæнцæ, хумæтæг адæм дæр, уæлдайдæр ба æ райгурæн гъæуæй, алцитæ ин хастонцæ, хуæрүйнæгти хуæздæрти.

– Æцæг ме 'нсувæри зæрдæ хуæрүйнаг нæ агурдта, – имиста æ кæстæр æнсувæр Петя. – Хъæбæр дæр тухстæй еци бæрæ дзорагæ уацхæсгутæй. Еухатт дууемæй ку райзадан, уæд мин уотæ зæгъуй, фæстæмæ, дан, мæ рандæ ун фæндуй фронтмæ, æз ами бæрæ нæ бафæраздзæнæн...

**– Æма ци бакодта? Хевæндæ 'й ку худтонцæ...**

– Фæллигъдæй. Сауæнгæ Армавири уæнгæ ибæл неке фæггурсхæ 'й, фал æй еци сахари патрултæ æрурæдтонцæ, ку базудтонцæ, ка 'й, уой, уæд æй идарддæр нæбал рауагътонцæ æма Хаджимурзæ уоми афицерти Хæдзари еу къуæре фæццардæй, гъæуай æй кодтонцæ, уæди уавæртæмæ гæсгæ тугъдон закъонтæ куд амудтонцæ, уотæ карзæй, уæдта имæ уордæмæ Мæскуйæй дохтиртæ иссудæнцæ, æркастæнцæ имæ æма ин карз тæрхон рахастонцæ: «Советон Цæдеси Бæгъатæр Милдзихти Хаджимурзæ æфсæддон службæн нæбал бæззуй!..»

Уал немуцаги ци автоматтæй ниццагъта, уой дæр ин райстонцæ, фæстæмæ 'й нæхемæ рарвистонцæ, каст фæцæй уæлдæр партион скъола, куста профессионалон-техникон училищетæй еуей разамонæгæй, Бесланигъæуи гъæууон-хæдзарадон бази директорæй, гъæууон хæдзаради министради инженерæй. Цидæриддæр кусти сæргъи лæуд адтæй, уоми куста æнтæстгинæй, фал æй æ тугъдон цæфтæ гъигæ дардтонцæ.

**– Мæнæн, Дамир, цæмæдесаг æй нæ республики алли рæстæгути хецауадæ имæ циуавæр зæрдæ дардтонцæ. Уæдта, мæнмæ гæсгæ, уой мæнæй уæлдай нæ адæми нури фæлтæрæй дæр берети зонун фæндуй...**

– Хаджимурзæ, Ритæ, мæхе хузæн æргомдзурд адтæй æма ин уой тухххæй æз мæхе уодæй фулдæр аргъ кодтон.

Бæрæ арфиаг, æстауæн дзурдтæ мин загъта сæ еугурей тухххæй дæр, æцæг мин, Ритæ, баруагæс ди уæд, еунæг хуарз хабар дæр мин нæ ракодта, Одинцови тухххæй ба, нæ, дан, нæ уарзта. Æцæг æй æз мæхецæн не 'сбæлвурд кодтон, ветерантæй загъта нæ сæ уарзта, зæгъгæ, уой, æви нæ еугур адæмæй дæр. Еухатт, дан, кæцидæр анзи 9 Майи Сæребари фæзи цалдæр ветеранемæй мах дæр бæрæгбони трибунæбæл лæудтан. Æнай-æнойти, дан, тугъди коймæ мæ зæрдæ исристæй, балæгъуз дæн, рахаудтæн уоми, фал, дан, мæмæ Одинцов фæстæмæ дæр нæ ракастæй, æ доклад кæсун нæ ниууагъта, тагъд агъази машинæ мæ куд фæлласта, уой дæр нæ фæууидта. Уæхæн разамонæги, дан, уарзæн ес?!

Гъæйдæ, Ритæ, уæхæн мæтъæл цаути тухххæй нæбал дзордзинан, уой бæсти ба мæ æндæр зæрдтагондæр хабæртти кой ракæнæн...

**– Уомæн дæр мæ фарста цæттæ 'й... Хаджимурзæ æ царди фулдæр æнзти Дзæуæгигъæуи рарвиста. Æма æ хæццæ ку исæмбалдтæ, уæд дæмæ куд фæккастæй: сахари «æгъдæуттæ» ин æ уодигъæдæ фендæрхузон кодтонцæ, æви куд æцæг ирон лæг, уотæ еци курухонæй байзадæй?**

– Байзадæй, байзадæй... Баруагæс ди уæд, Ритæ, æз имæ цал хатти бацудтæн æ хæдзарæмæ, уал хатти æй баййафтон игъæлдзæг æма цардхузæй, худтæй, гъазæн дзубандитæ кодта. Мæ фиццаг бацуди ин мæ хæццæ гурдзиаг æвзурст сурх сæни авгæ бахастон. Æма мæ уайдзæфти буни фæккодта, цитæ, дан, кæнис, ести, миййаг, уруссаг хæдзарæмæ цудтæ хунди. Æз ба уой хуæздæрæн бахастон. Æ синхаг лæхъуæнтæ Айларти Валерæ æма Сидахъати Тамерлан ме 'мбæлттæ 'нцæ æма мин етæ дзурдтонцæ, не 'стур хæдзари, дан, махæн не 'ртæ кæрей коваг Хаджимурзæ фæууй, финги хестæрæн нин фæббадуй нæ алли гъуддаги дæр, не 'гъдæуттæ имæ хъæбæр бæрзонд бунати æвæрд æнцæ, хъæбæр сæбæл ауодуй, æ уарзон ниуæзтæ ба, дан, гурдзиаг сæнæ æй...

Æз уой æрæстæфтæн мæ фиццаг фембæлди дæр. Уæд æй бафарстон, гъома, раст мæ балæдæрæ, Хаджимурзæ, дæуæн дæ къохи ци устур уæлахез бафтудæй еу тохи, уой тухххæй дæмæ гъæуама адтайдæ знаги нихмæ тохуни устур фæлтæрддзийнадæ, кенæдта, æвæдзи, хъæбæр фæттарстæ дæ уодæн. Сæ дууемæй еу...

– Уæллæй, Дамир, дууæ дæр си адтæнцæ... Никки ба ма си æртиккаг дæр адтæй...

– Е ба ма си кæци адтæй? – бадес кодтон æз.

Кæрон. Райдайæн нæ газети 2-аг номери, 23 январи.

*Республики Бæгъатæр, æфсади инæлар Плити Иссæн. Еума æхцæуæн хабар: нæ республики цæттæ кæнун райдæдтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-болкъон Мамсурати Хаджумари туххæй документелон киноивæ «Болкъон Ксанти» исесунмæ. Нерæнгæ æмбурдгонд цæунцæ сценари нифинсунæн æрмæгутæ.*

– Уасгерги, Дамир, нæхе Уасгерги. Æхсæвæй-бонæй имæ кувтон. Æма нур дæр ковун.

Дууемæй дæр зæрдиагæй ниххудтан. Нæ гъæр худтмæ æ бийнойнаг Хадизæт дуарæй æрбакастæй, æ раздарæн æ армитъæпæни æрбатумбул кодта, цума æй раст лæдæргæ кодта, уой хузæн, æ сæри хецаумæ медбилти ходгæй уайдзæфи хузæн исдзурдта:

– Иуазæг дæмæ гъуддаги фæдбæл æрбацудæй, ду ба ин ирон игъæлдзæг дзубандитæ кæнунбæл исхуæстæ. Уотемæй ду некæд базæронд уодзæнæ...

– Кæддæр мин гурдзиаг кизгæ уарзон адтæй, – мæ гъоси мин сосæггай дзурдта Хаджи, Хадизæт цæлгæнæнмæ ку рауадæй, уæд. Гъæуама ма имæ еу хатт Гурдзимæ фæццудайнæ киндзæхсæвæр кæци бон искæнæн, уой тухххæй гъæуама бадзубанди кодтайанæ. Фал Дайрани коми зилди мет рауардта æма загътонцæ ардигæй, дан, сæрди астæумæ уобæлти рацæуæн нæбал уодзæнæй, цъеу дæр, дан, си нæбал ратæхдзæнæй, цъеу. Ду ба уæхæн уавæри ци бакодтайсæ, Дамир?.. Æз ниддæлæ-уæлæ кодтон æма... нæбал бафæразтон: мæ мадæ мин дæлæ нæхе устур Елхотти Къубалтæмæ кизги байамудта æма имæ æз мæхуæдæг мæ минæвæртти хæццæ исмедæг дæн. Коргутæ, дан æй берæ адтæй. Æма, зæгъун, етæ сæ еугурдæр мæн хузæн Советон Цæдеси Бæгъатæртæ ’нцæ. «Нæ» зæгъун мин не ’сфæразта... Уæддæр Гурдзийæн сæ сæнæбæл мæ зæрдæ нæ исæййивтон. Æрбакъуæрдта мæ...

Хаджимурзæн æ синхæгтæ, мæнæ цума дзубанди бакодтонцæ, уой хузæн мин загътонцæ: «а» æма «о»-йæй фæццардæнцæ. Уæллæй, Хадизæтæн ба Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном раттун æнгъизтæй. Мæнæ ин цума сувæллон адтæй, уой хузæн хаста æ кадгин, æ тох æфхуæрд цардæмбали, гъæуай æй кодта, æ незти гъезæмæрттæн ин фæразта, æ бон ци адтæй, уомæй ин сæ рæуæгдæр кодта...

**– Æ цæуæтæй, уæлдайдæр Дамир, æвæдзи, еске хæццæ дæр дзубанди кодтайсæ. Етæ ба ци зæгъунцæ сæ бæгъатæр фидæй, цæйбæрцæбæл ин аргъ кæнунцæ, цæйбæрцæбæл си сæрустур адтæнцæ, бийнонти ’хсæн, дан, æхе куд æвдиста?**

– Дууæ фазон кизги ин адтæй. Сæ еуей, Зареми имисуйнæгтæ дæр ма диктофони финстæй байзадæнцæ, мæнæ си цалдæр скъуддзаги, кæсун дин сæ:

– Мæ фидæн адтæй уæззау характер, хъæбæр уæззау, фал дин ард хуæрун, Дамир, е адтæй хъæбæр тæтон адæймаг, хъæбæр фæлмæнзæрдæ фидæ. Еске имæ еуварсæй ку байгъустайдæ, кенæ ку бакастайдæ, уæд загътайдæ, уартæ ци карз лæг æй, зæгъгæ. Е рæдуд фиццаг æнкъарæн æй. Махæй уæлдай æй неке зудта, куд домагæ адтæй, уой. Уой фæндæ адтæй, цæмæй махæй дæр рауадайдæ – æхе хузæн кæдзосзæрдæ, æхе хузæн царди раст нæдтæбæл лæуд адæймæгутæ. Алли гъуддаги дæр ни æгъдау агурдта. Еухатт ин æцæг мæ хуæрæ Венери хабæрттæ маст æрхастонцæ. Еу гурдзиаг лæхъуæн æй раскъафта, еумæ медицинон институти фиццаг къурси ахур кодтонцæ Гурдзистони æй балæууун кодта, Цхалтубæйи рази циуавæрдæр гъæумæ. Мæ фидæ уордæмæ кедæрти хæццæ рандæй хъæбæр мæстгунæй, æ хæццæ топп дæр ма раласта æма æз хумæтæги тарст кодтон, уоми сæ, зæгъун ку нæ ниццæгъдидæ. Фал кæцидæр бони ку раздахтæнцæ, уæд нин нæ фидæ уотæ радзурдта:

– Æ мадæ, гъома, лæхъуæни мадæ, нæ размæ ку рацудæй, уæд мæмæ мæхе уоси мади хузæн фæккастæй æма æрфæлмæн дæн, мæ маст фæццидæр æй...

Мæ фидæ берæ уарзта æрдзæ, куд гъæддаг, уотæ хæдзайрон фонси дæр. Æ фæстаг бæнтти уæнгæ дæр сахари нæ тургъи куйтæн хуæруйнаг хаста, къæразгæй дзæгъæл бæлæутæн къæбæри мортæ ниввæридæ. Цума син се ’взагæй зудта, уотæ мæмæ кастæй, ахур ибæл адтæнцæ. Æруагæс ди кæнуй, дзæгъæл тикиси дæр некæд расхуста, дуар ибæл некæд исæхгæдта, цийфæнди афони дæр æй барæвдауидæ... Уой агурдта махæй дæр.

Уæхæн уодигъæдæ ин ке ес, уой ка зудта, етæ деси бацæууиуонцæ, мадта уæд уойбæрцæ немуцæгтæбæл куд нæ байаурста, зæгъгæ. Ци син гъæуама загътайдæ?.. Æвæдзи æй зудта: е сæ æхуæдæг ку нæ рамара, уæд ин етæ æхе дæр æма е ’мбæлтти дæр рамардзæнæнцæ. Æфсади дæр си тугъдон ахурти уой агурдтонцæ. Æхуæдæг ба уой тухххæй сæрустурæй уотæ загъта:

– Мæнæн Фидибæстæ равардта уæхæн бардзурд!..

Мæнæ советон, комиссартæ атаки рæстæг се ’фсæддонтæмæ размæ рампурсунмæ фæрразæнгард кæнунмæ сæ къохтæ куд фæхъхъел кæниуонцæ, уотæ, уæд æ рахес къох хæрдмæ фæхъхъел кæнидæ, еуцæйдæрбæрцæ ин уæлдæфи ауигъдæй райзайидæ. Уæд мæ рæсугъд, мæ бæгъатæр фиди цæститæ уæлдай хъæбæрдæр исæрттевиуонцæ, æ тумбул цæсгон уæлдай хъæбæрдæр ниррохс уидæ...

**– Аци зæрдтагон æма æхцæуæн имисуйнæгтæй нæ абони дзубанди фæуун дæр æнгъезуй, фал дæ, Дамир, кæд ма дæ кæронбæттæни фæндуй, цæмæй дæ нæ бафарстон, уæхæнæй ести зæгъун, уæд, табуафси...**

– Раздæр æй зæгъуйнаг адтæн, фал мæбæл мæрдти иронх бахуæстæй... Хуцау мин æй бахатир кæнæд мæнæ уæхæн рабарст, фал, Хаджимурзи реубæл Сугъзæрийнæ Стъалу ку бакодтонцæ, уæдмæ сауæнгæ нæ устурдæр, нæ номдзуддæр балхон Плити Иссæмæ дæр уæхæн бæрзондæй-бæрзонддæр хуæрзеуæг нæма адтæй. Советон Цæдеси Бæгъатæри цитгин ном не ’мзæнхонтæй 1942 анзи аккаггонд æрцудæй дууемæн: Хаджимурзæн 16 мартъий æма олгинскæйаг Цоколати Геннадийæн 14 июни. Мæ дзубанди æй айдагъдæр Цæгат Иристонæй рацæуæг æхсаргин тугъдонти тухххæй. 1943 анзи мах тугъдонтæй Советон Цæдеси Бæгъатæр иссæй айдагъдæр еу – Тогъузати Хъаурбег, Æрæдонæй рацæуæг, еци ном ин лæвæрд æрцудæй 21 феврали.

Тиллæггун рауадæй 1944 анз – Сугъзæрийнæ Стъалу не ’мзæнхон тугъдонтæй лæвæрд æрцудæй астемæн – Плити Иссæн, Къесати Астанæн, Æхсарати Энверæн, Моргуати Бекæн, Дойати Давидæн, Ходи Константинæн, Æбати Æхсарбегæн æма Калоти Александрæн. Не ’мбæстон Бæгъатæртæбæл 1945 анзи ма бафтудæй æртæ æма æдеугурæй иссæнцæ еуæндæс: Сталин æхуæдæг, Плити Иссæ (дуккаг хатт ин лæвæрд æрцудæй еци ном), Хетæгкати Геуæрги, Мамсурати Хаджи, Дзусати Ибрагим, Гагиати Александр, Калоти Георги, Хъарати Александр, Бицити Сергей, Гагкати Алихан, Хъибизти Александр. 1946 анзи еци ном лæвæрд æрцудæй Махъоти Алиханæн, фашистон Германий сæйраг сахар Берлин байсуни карз тугъдтити рæстæг æхсаргинæй ке фескъуæлхтæй, уой тухххæй...

Æз сæ, Ритæ, уомæн ранимадтон, цæмæй адæми зæрдæбæл æрлæууун кæнон, 1951 анзи 9 Майи Дзæуæгигъæуи сахари фæллойнæгæнгути митинги нæ республики уæди разамонæг æ радзубандий Хъулати Хъубади ци гъудитæ загъта, уони:

– Мæскуй радио 1942 анзи æнæгъæнæ бæстæбæл ку фегъосун кодта, елхоттаг лæхъуæн Милдзихти Хаджимурзæн æ тугъдон бæгъатæрдзийнади тухххæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном лæвæрд æрцудæй, зæгъгæ, уæд уомæй æхцæуæндæр, уомæй хъазардæр хуæрзæнгорæггаг нæ адæмæн нæма адтæй. Иннæ бæгъатæртæбæл дæр куд нæ бацийнæ кодтан, фал е адтæй нæ еугурей устурдæр цийнæ. Нур нин амæй фæстæмæ барæ нæбал ес нæ фиццаг Бæгъатæри ном иронх кæнун!.. Е уин мæ фиццаг фæдзæхст...

**– Æма мах, Дамир, Хъубадий еци фæдзæхст куд æнхæст кæнæн, е дæр, мæнмæ гæсгæ, сæрмагонд дзубандий аккаг фарста æй... Нур, зæгъæн, Хуцау ниддæлæ-уæлæ кодта æма... Хаджимурзæ райгас æй. Æма ку фæууинидæ, уæлæбæл ин æ цитгийнаг номæн ци кадæ ес, уой, уæд ци зæгъидæ? Фулдæр ни арфиагæй байзайидæ, æви ни цæмæйдæр уоййасæбæл боз нæ уидæ?..**

– Хаджимурзæ уоййасæбæл хуæрзæгъдау æма лæдæргæ адæймаг адтæй, æма, мæнмæ гæсгæ, рабарæ-бабаритæ кæнун нæ байдайдзæнæй. Адæми уарзта æма нимадта æргомзæрдæй, æхе некæмæй бæрзонддæр кодта, æхецæн уæлдай цитæ нæ агурдта... Фал дæ бафарстмæ гæсгæ ба мæмæ уотæ кæсуй, æма нæ æстаугæ дæр нæ ракæнидæ, фауæн дзурдтæ дæр нæ зæгъидæ. Кæсай, Ритæ. Дæлæ æ райгурæн Елхотти уиндгундæр гъæунгæй еу хæссуй æ ном, райони адмнистраций рази дæр, æма, æ рæстæги кæми ахур кодта, еци скъолай тургъи ин æвæрд ес зæрдæмæдзæугæ циртдзæвæнтæ. Дзæуæгигъæуи 15-аг скъола хæссуй æ ном, аци сахари фæстагмæ Куйбышеви гъæунги ци хæдзари цардæй, уобæл æвæрд ес къæйдорæй конд мемориалон фæйнæг. Хаджимурзæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1998 анзи æма æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи сæрмæ Намуси Аллейи.

Рафауйнагæй ба нæмæ, мæнмæ гæсгæ, ци ес? Æ рæстæги ибæл конд æрцудæй дууæ зари, уонæй еу уæртæ киристонгъæуккаг игъустгонд зартæгæнæг Гулчети Епо исаразта, иннæ зарæн ба дзурдтæ ниффинста Цæгæрати Гиго. Радиойæй дæр æма аллихузон цитгингæнæн мадзæлтти дæр раздæр ахид райгъусиуонцæ... Æрæги ба ма сæ ескæд фегъустай, Ритæ?..

Хаджимурзи райгурæн бон анзи фиццаг бæнттæй еуеми фæууй æма æ кой нæ райгъусуй, уомæн æма уæд æнæгъæнæ дæс бони не ’стур бæсти фæлладуадзæн бæнттæ фæуунцæ, газеттæн дæр æма, мæнмæ гæсгæ, уæ радиойæн дæр. Фæсбæрæгбон ба сæ Хаджимурзæмæ нæбал фæййевдæлуй. Е дæмæ раст кæсуй?

**– Нæ кæсуй. Абони карз æма берæ цæмæйдæрти не ’хсæнади цардарæзтæн, нæ адæми уодварни алæмæтдзийнадæн тæссаг æма зæранхæссæг уавæрти мах мæнæ елхоттаг æхсаргин Милдзихи-фурти хузæн нæ разагъди адæймæгути дæнцæнтæй гъæуама гъомбæл кæнæн нæ кæстæрти Фидибæстæ, нæ райгурæн Иристон уарзунбæл æма сæбæл æновуд, багъæуаги сæ сæрбæлтау уодуæлдайæй архайунгъон унбæл. Е нин гъæуама уа нæ фидтæлти табуйаг фæдзæхсти хузæн. Цæмæй уотæ уа, уобæл ба æвæллайгæй ка архайуй, уонæй еу дæ ду дæр, Дамир. Æма дин зæрдиагæй арфæ уой тухххæй дæр, уæдта дæ абони зæрдæмæдзæугæ æма медесгун радзубандий тухххæй дæр.**

**Арфæ дин кæнун, Дамир, мæнмæ гæсгæ, абони дæ хæццæ нæ дзубанди рауадæй лæмбунæг æма фæлмæн...**



**МИЛДЗИХТИ Хаджимурзæ æ бийнойнаг Хадизæти хæццæ (1979 анз).**

## АДÆМИ ЦИТГИНДЗИЙНАДÆ

### МИЛДЗЫХТЫ ХАДЗЫМЫРЗÆЙЫ ЗАРÆГ

*Араст и нæ Хаджи Елхотæй*
*Фыдыбæстæйы хæстмæ хæстон, гъей!*
*Нæ фæтарст бирæгътæй, лæгмартæй,*
*Ызнагæн сарæзта фыдбон, гъей!*

*Нæ Хаджи фыдгултæн сæ тыхтæ*
*Пырх кодта ныфсхастæй уæндон, гъей!*
*Арвыста цъаммартæй мæлæтмæ*
*Нæ хъайтар фондзыссæдз иу бон, гъей!*

*Нæ зарæг сахъ гуырдыл ныккæнæм,*
*Базырджын цæргæсыл хъæрæй, гъей!*
*Нæ Хаджи, æрттив ды æнустæм,*
*Хъазыбеджы урс хохау фæрнæй, гъей!*

Аци зар рамухур кодтан композитор ХАХАНТИ Дудари арæзт æмбурдгонд «Ирон зарджытæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыртыл»-æй.

***Ленинград немуцаг-фашистон блокадæй æнæгъæнæйдæр исуæгъдæбæл цуппаринсæй анзи исæнхæсти фæдбæл арæзт Еугуруæрæсеуон патриотон-рохсадон мадзал «Зæрдæбæлдаруни трамвай» рацæудзæнæй Дзæуæгигъæу дæр. Архайдзæнæнцæ си скъоладзаутæ æма сæ базонгæ кæндзæнæнцæ Ленингради блокади хабæртти хæццæ.***




# ИСТОРИОН УÆЛАХЕЗ

## ЛЕНИНГРАД ЗНАГИ БЛОКАДÆЙ ИСУÆГЪДÆ КÆНУНИ 80 АНЗЕЙ БОНМÆ

Фарастсæдæ бони æма æхсæви... Уойбæрцæ рахаста, историйæй ка некæд феронх уодзæнæй, еци тугъд Ленинград багъæуай кæнунбæл. Фронти тугъдонтæ æма сахари цæргутæ бахаудтæнцæ хъæбæр зин уавæрти. Гитлеронтæ сæ бицъинæг æскъудтонцæ Ленини сахар нихxорх кæнунмæ. Гъæуама æй байахæстайуонцæ еци-еу нимпурстæй. Фал Ленингради фронти æма Балтий флоти бæгъатæр æфсæдтæ федарæй æрлæудтæнцæ цифуддæр знаги нихмæ æма 'й æруорæдтонцæ сахармæ бацæуæнти. Устур агъаз син кодтонцæ цæргутæ сæхуæдтæ дæр. Фал уæддæр сæ къохи бафтудæй, сахар бæсти хæццæ ка баста, сорзæнхи еци бунæтти æрфедар ун. Ленинград лухгонд æрцудæй, æртухсти бахаудтæй. Фал æ тох нæ фæллæмæгъ æй, знагæн æ сау фæндитæ æ хъури фæббадун кодта: Гитлери инæлартæ фæндæ кодтонцæ Ленинград байсуни фæсте танкитæ уордигæй Мæскумæ æмпурсæн тугъдтитæмæ багæлдзун.

1941-1942 æнзти зумæги тугъдон архайгутæн пълан аразгæй, Сæйраг Уæлдæр Командæкæнуйнади Ставкæ ихæсæн æрæвардта айдагъ Ленинград, Мæску æма Кавказ тæссаг уавæрæй фæйийервæзун кæнун нæ, фал ма знагæй стратегион хъæппæрес байсун дæр. Сæйраг тухтæ гъæуама æздæхт æрцудайуонцæ нигулæнæрдæмæ, Мæскумæ æрбацæуæнтæй хъæурæгин нимпурстæн бундор исаразгæй.

Советон Командæкæнуйнадæмæ æма махмæ, Генералон штаби косгутæмæ, устур дузæрдугдзийнадæ æвзурун кодта Тихвини уавæр. Уой знаг ку байстайдæ, уæд тæссаг адтæй, фашисттæ хонсарæрдигæй 7-аг хецæн æфсади фæскъилдунмæ ку бацæуонцæ, уомæй. Еци æфсад Свири цæугæдонбæл бауорæдта финнаг æфсæдти размæмпурст. Немуцæгтæ финнæгти хæццæ ку байеу адтайуонцæ, уæд Ленингради алфамбулай исæвзурдайдæ дувæр æртухст æма райдæдтайдæ Вологдæмæ сæ еумæйаг нимпурст.

1941 анзи 17 декабри арæзт æрцудæй Волхови фронт. Нæуæг анзи райдайæнмæ еци фронти æфсæдтæн сæ къохи бафтудæй фашисттæй советон зæнхити еу хай ракæдзос кæнун, æфсæдти къуар «Цæгат»-и хъæуритæ фæллæмæгъдæр кæнун æма Ленинградмæ «Устур зæнхæй» агъаз кæцæй цудæй, Ладоги еци цадæ багъæуай кæнун. Æма цалинмæ знаг цæгат æма хонсари советон æфсæдти хъæурæгин цæфтæй гъезæмарæ кодта, уæдмæ Ставкæ цæттæ кодта, уой фæсте ба исараза Сурх Æфсади контрнимпурст Мæскумæ бацæуæнти.

Æма 'й кæд еци сæйраг бунати резервтæ хъæбæр æхсицгæ гъудæнцæ, уæддæр Ставкæ Ленинградмæ рарвиста дууæ æфсади. Январи фиццаг бæнтти райдæдта советон æфсæдти размæмпурст. Фал сæ гъуддаг нæ фæррæстмæ 'й. Æнæгъæнæ зумæг, уой фæсте уалдзæги дæр, знагæн карз цæфтæ кæнгæй, архайдтонцæ Ленингради æртухст дууердигæй батонунбæл: хурфæ 'рдигæй Ленингради, æндеггæй – Волхови фронти æфсæдтæ. Сæ гъуддаг ку рауадайдæ, уæд гъæуама байеу адтайуонцæ Любанмæ хæстæг. Знаги æртухст батонунбæл фæлварæнтæ кодтонцæ уой фæсте дæр. Фал си неци рауадæй. Дæргъæй-дæргъæмæ фронти мæлæтдзаг тугъдтити ка бацудæй, еци Сурх Æфсадæн æ бон нæ адтæй хъаурæгиндæр нимпурстæн тухтæ æрæмбурд кæнун.

Цитгин Ленини ном ка хæссуй, æ исаразунæй фæстæмæ æндæрбæстаг знаги къах кумæ не 'рбахъæрттæй, еци сахар куд некæдма, уотæ гъæддухдæрæй тох кодта гитлеронти нихмæ. Фронт æма фæскъилдун байеу æнцæ. Алли ленинградаг дæр иссæй фронти тугъдон. Сахармæ æрбацæуæнтæ цума домбай куройни фидтæ фестадæнцæ, уотæ æгъатирæй инсадтонцæ гитлеронти дивизити.

Ленингради æртухст батонунæн хуарз фадуæттæ исæвзурдæй, немуцаг æфсæдтæ Сталингради дæрæнгонд ку æрцудæнцæ æма советон-гермайнаг фронти хонсар хаййи Сурх Æфсад æнтæстгинæй размæмпурсун ку райдæдта, уæд. Еци размæмпурст бахъæрттæй Украини скæсæн æма цæгат-скæсæн районтæмæ. Немуцаг-фашистон командæкæнуйнадæн нæбал адтæй фронти иннæ хæйтти е 'фсæдти хъæуритæ фулдæр кæнуни фадуат. Уæддæр ма Ленингради бацæуæнти дардта дзæвгарæ хъæуритæ: сахарбæл хонсари æма хонсар-скæсæни 'рдигæй ка æртухстæй æма 25 дивизий кæми адтæй, еци 18-аг немуцаг æфсад, фондз дивизий бæрцæ ба адтæй цæгатæрдигæй финнаг æфсади.

Сæйраг Уæлдæр Командæкæнуйнади Ставкæ исфедар кодта æртухст батонуни пълан. Операций сосæг ном хундæй «Цæхæр». Уомæн æ медес адтæй уæхæн: дууæ фронти – Ленингради æма Волхови фронтти хъæуритæй Шлиссельбург – Синянски районі немуцаг-фашистон æфсæдти ниддæрæн кæнун, æртухст батонун æма бæсти центрон районти хæццæ Ленингради сорзæнхон бастдзийнæдтæ сæ бунати исæвæрун.

Ленингради æма Волхови фронтти размæмпурст райдæдта 1943 анзи 12 январи. Къуæрей дæргъи карз тугъдтити фæсте фронттæ байеу æнцæ. Мах еугурæйдæр устур цийни хæццæ исæмбалдан æртухст батонуни хабарбæл. Гитлерон командæкæнуйнадæ дæргъвæтийнæ рæстæги дæргъи еугур дуйней размæ æ реу тумбул къохæй хуаста, Ленинград, дан, уæхæн федар цæги бахаудтæй, æма æ батонун некæд æма неке бон бауодзæнæй. Фал немуцаг инæлартæ фæррæдудæнцæ. Мах æфсæдти къохи бафтудæй фашистон цæг батонун, æма уомæй бæрзæйсæттæн цæфтæ никкодтонцæ сахар исцагъар кæнуни фæдбæл знаги фæндитæн.

Æртухст батонуни фæрци Ленинградæн сорзæнхон бастдзийнадæ байгон æй бæсти хæццæ. Уайтæккæдæр Ладоги цади хонсар билгæрæнтти арæзт æрцудæй æфсæнвæндаг æма ибæл Ленинградмæ поездти ласун райдæдтонцæ хуайраг, дарæс, артаг æма æндæртæ. Уазал æма стонги гъезæмайраг бæнттæн сæ кæрон æрцудæй.

Операци «Цæхæр» æнтæстгинæй ке фæцæй, уой фæрци Ленинградбæл тугъдтити уавæр бустæгидæр фендæрхузон æй. Хъæппæрес æнæгъæнæйдæр мах æфсæдтæмæ æрхаудтæй. Сор зæнхæй агъаз цæун ке райдæдта, Ленингради æма Волхови фронтти æмархайд хъæбæрдæр ке ирæзтæй, уой фæрци знаг æййафта бонæй-бонмæ карздæр бæрзæйсæттæн цæфтæ. Хуарз фадуæттæ исæвзурдæй Ленингради рази немуцаг-фашистон æфсæдтæ бустæгидæр ниддæрæн кæнунæн. Сæйраг Уæлдар Командæкæнуйнади Ставкæ, еугур советон зæнхæ дæр немуцаг-фашистон лæборгутæй исуæгъдæ кæнуни операцитæн пълантæ аразгæй, унаффæ рахаста 1944 анзи фиццаг къуæрети Ленингради æма Новгороди размæмпурст райдайуни тухxæй.

1943 анзи кæрони каст æрцудæй Ленингради фронти Тугъдон совети фæндитæмæ идарддæри архæйдтити фæдбæл. Уонæн сæ бундорти бундор адтæй Ленингради æртухст бустæгидæр райеуварс кæнун. Генералон штаб фронти командæгæнæгæн бафæдзахста, цæмæй еугур мадзæлттæ дæр исараза айдагъ æртухст исесунæн нæ, фал ма знаги идарддæр тæрунæн дæр. Куд нин игъосун кодтонцæ, уотемæй немуцæгтæмæ адтæй барæй фæстæдæр æрлæууни æма нæуæг бунæтти æрфедар кæнуни фæндæ æма е мах пайдайæн нæ адтæй.

Нур абони мах бæлвурдæй зонæн, æфсæдти къуар «Цæгат»-и командæкæнуйнадæ æцæгæйдæр фæндон ке бахаста æфсæдти Цæгат Двинæмæ ракæнуни тухxæй. Фал гитлерон Германий уæлдæр тугъдон разамунд райеуварс кодта еци фæндон, уой хæццæ æ бахæссæг инæлар Линдемани дæр, æма ин æ бæсти исæвардта инæлар Фриснери. Уой фæсте цаутæ куд равдистонцæ, уотемæй гитлеронтæ хъæбæр гъæддухæй æрлæудтæнцæ сæ гъæуайкæнуйнадæ син батонуни фæдбæл нæ еугур фæлварæнти нихмæ. Цæветтонгæ, дууæ анзи æма æрдæги дæргъи уони къохи бафтудæй гъæуайкæнуйнади хъæбæр федар бунæттæ исаразун. Æфсæдти къуар «Цæгат»-и адтæй 741 мин салдат æма афицери, 10070 дзармадзани æма миномети, 385 танки æма хуæддзæугæ дзармадзани, 370 хуæдтæхæги.

Операций ка архайдта, советон еци фронтти адтæй 1241 мин салдат æма афицери, 21600 дзармадзани æма миномети, 1475 танки æма хуæддзæугæ дзармадзани, 1500 хуæдтæхæги. Уонæн ма агъаз кодтонцæ Балтий флот, идардмæ тæхæг авиаци æма партизантæ дæр.

Ленингради æма Новгороди размæ размæмпурсти райдайæн нисангонд цудæй январи æмбесмæ. Æма е хумæтæги нæ адтæй. Генералон штаб æ зæрдæбæл дардта, раст еци рæстæги ке райдайдзæнæй немуцæгти сæйраг тухти нихмæ Сурх Æфсади размæмпурст Рахесфарси Украини, уæдта советон-гермайнаг фронти астæуккаг хаййи дæр. Уомæ гæсгæ немуцаг-фашистон командæкæнуйнадæн нæбал адтайдæ æфсæдти къуар «Цæгат» фæхъхъаурæгиндæр кæнуни фадуат.

Хуарз райдæдта махæн 1944 анз. Ленини сахар исуæгъдæ кæнунбæл æма немуцаг-фашистон æрдонгти Ленингради облæстæй ратæрунбæл тугъдон архæйдтитæ æнтæстгинæй рахецæн æнцæ феврали кæронмæ. 1944 анзи 27 январи ци артиллерион æмæхст арæзт æрцудæй, е еугур дуйнебæл фегъосун кодта, знаги æртухст бустæгидæр кунæггонд ке 'рцудæй, уой. Советон æфсæдтæ бахъæрттæнцæ Невай билгæрæнттæй Нарви билгæрæнттæмæ, федар къахæй æрлæудтæнцæ Эстоний зæнхæбæл æма сæ цуд исаразтонцæ Нарвæмæ, Псковмæ, Островмæ...

Ленингради æртухсти тухxæй финст минкъий не 'рцудæй, уой хæццæ нигулæйнаг бæститi дæр. Еуæй-еу буржуазон историктæ сæ уодæй арт цæгъдунцæ Ленингради тугъдтити ахедундзийнадæ Советон Æфсади æма сахари цæргути дессаги бæгъатæрдзийнадæ исдузæрдуггаг кæнунбæл. Фал историон рæстдзийнадæн римæхсæн æма зулунгæнæн нæййес.

***А.М. ВАСИЛЕВСКИЙ,***
***Советон Цæдеси Маршæл.***

**6б Нæ номдзуд æмзæнхон Советон Цæдеси Бæгъатæр, дæлболкъон Матронин Василий Ивани фурти райгурдбæл 31 январи æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1904-1944).**

*Кампания в поддержку бойцов, участвующих в спецоперации, продолжается в Северной Осетии. Региональный ресурсный центр по реализации федерального проекта «Патриотическое воспитание граждан России «Навигаторы детства», впервые стал участником этой акции. Во всех школах республики организовали мастерские.*



# «ЕСТЬ ТАКАЯ ПРОФЕССИЯ – РОДИНУ ЗАЩИЩАТЬ!»

## РАСТЕТ ЧИСЛО КОНТРАКТНИКОВ

***Глава РСО–А Сергей МЕНЯЙЛО принял участие в заседании окружного оперативного штаба по вопросам поддержки военнослужащих по контракту и добровольцев, участвующих в специальной военной операции. Мероприятие прошло во Владикавказе под руководством Полномочного представителя Президента Российской Федерации в Северо-Кавказском федеральном округе Юрия ЧАЙКИ.***

В мероприятии приняли участие главы регионов СКФО, официальные представители республик. От Северной Осетии присутствовали заместитель председателя Правительства РСО–А Ирбек Томаев, министр внутренних дел по РСО–А Демьян Лаптев, начальник Управления Федеральной службы войск Национальной гвардии РФ по Северной Осетии Валерий Голота.

Юрий Чайка выразил благодарность руководству и ответственным должностным лицам субъектов за достигнутые по итогам 2023 года результаты и обозначил задачи на предстоящий период. По его словам, требуется повышенное внимание социальному обеспечению участников специальной военной операции и членов их семей.

– Вопросы реабилитации, переобучения ветеранов СВО, получения ими профессии и дальнейшего трудоустройства, оформления социальных пособий и льгот, предоставления медицинской, юридической, психологической и иной необходимой помощи требуют особого контроля со стороны органов государственной, региональной, муниципальной властей и общественных организаций. Результаты именно этих направлений деятельности демонстрируют обществу отношение государства к людям, вставшим на защиту его интересов, и формируют мнение о нашей с вами работе, – сказал полпред.

Как прозвучало, благодаря прикладываемым усилиям в регионах Северного Кавказа интерес граждан к службе по контракту постоянно растет.

По итогам заседания даны поручения, их исполнение взято на особый контроль.

Полномочный представитель Президента РФ в СКФО Юрий Чайка также провел двустороннюю рабочую встречу с Главой РСО–А Сергеем Меняйло.

Стороны обсудили вопросы социально-экономической и общественно-политической обстановки в субъекте, в частности, основные показатели развития региона по итогам минувшего года.




## КАК СТАТЬ ВОЕННОСЛУЖАЩИМ ПО КОНТРАКТУ

**Денис ХУБАЕВ, заместитель военного прокурора гарнизона, подполковник юстиции**

Гражданину РФ: на Госуслугах (подать заявление), в пункте отбора или военном комиссариате

Иностранцу: в пункте отбора или военном комиссариате

Пункт отбора (г. Владикавказ)

Адрес: 362002, Республика Северная Осетия – Алания, г. Владикавказ, ул. Титова, д. 5

Телефон: 8(8672)76-83-75

E-mail: povsk-vladikavkaz@mil.ru

Проводятся организационные мероприятия по формированию соединений, воинских частей и подразделений Южного военного округа по отбору граждан, пребывающих в запасе, из числа работников предприятий и организаций, расположенных на территории РСО-Алания, для прохождения военной службы по контракту на вакантных воинских должностях, офицеров, штатно-должностных категорий:

- Старший лейтенант (заместитель командира роты связи, командир взвода связи, заместитель командира роты по военно-политической подготовке, офицер по безопасности информации);
- Старший лейтенант медицинской службы (начальник медицинского пункта, врач);
- Капитан (помощник командира бригады по финансово-экономической работе, помощник начальника отделения, начальник группы психологической работы, начальник отдела узла ФПС, помощник начальника связи);
- Майор (начальник связи, заместитель начальника штаба, начальник службы РАВ, заместитель командира батальона по военно-политической работе);
- Прапорщик (помощник оперативного дежурного, начальник станции связи, техник, старшина роты, командир взвода материального обеспечения, начальник секретной части, фельдшер);
- Сержант, солдат (начальник аппаратной связи, оператор, механик, механик-радиотелефонист, электрик-дизелист, радиотелеграфист, начальник обменного пункта ФПС, водитель-электрик, водитель, фельдъегерь, начальник склада, санитарный инструктор).

Вместе с тем, ведется отбор кандидатов для призыва на военную службу по контракту из числа:

– осужденных граждан Российской Федерации, содержащихся в исправительных учреждениях, у которых приговоры по делам вступили в законную силу до

24 июня 2023 года, ЗА ИСКЛЮЧЕНИЕМ:

Лиц, осужденных за совершение преступлений против половой неприкосновенности несовершеннолетних, предусмотренных пунктом «а» части третьей, пунктом «б» части четвертой, частью пятой статьи 131, пунктом «а» части третьей, пунктом «б» части четвертой, частью пятой статьи 132, частями третьей-шестой статьи 134, частями третьей-пятой статьи 135 УК РФ, либо преступлений, предусмотренных статьями 205-205.5, 206, 208, 211, 220, 221, 275, 275 частью 1, 276-280, 281-281 частью 3, 282 частью 1-282 частью 3, 360, 361 УК РФ;

– осужденных граждан, состоящих на учете в уголовно-исполнительных центрах;

– граждан, освобожденных из мест лишения свободы и имеющих непогашенную либо неснятую судимость, в отношении которых органами внутренних дел осуществляется надзор.

Также осуществляется отбор подозреваемых или обвиняемых граждан, совершивших преступления небольшой и средней тяжести до 24 июня 2023 года (согласно Федерального закона от 24 июня 2023 № 270-ФЗ «Об особенностях уголовной ответственности лиц, привлекаемых к участию в специальной военной операции»), на военную службу по контракту, по которым, в случае подписания контракта о прохождении военной службы приостанавливается предварительное расследование.

Денежные выплаты:

- 195 000 ₽ – при заключении контракта о прохождении военной службы на срок не менее года

**Для участников СВО:**

Денежное довольствие в соответствии с воинским званием и должностью. Минимальные суммы в месяц:

- 210 000 ₽ – стрелок (рядовой);
- 241 000 ₽ – командир отделения (сержант);
- 252 000 ₽ – заместитель командира взвода – командир отделения (сержант);
- 3 859 ₽ – ежемесячная доплата для ветеранов боевых действий;
- 15 000 ₽ – ежемесячная социальная выплата.

**К СВЕДЕНИЮ**

## ВОЕННАЯ ПРОКУРАТУРА РАЗЪЯСНЯЕТ

В соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 25,07.2023 № 1211 «О внесении изменений в Положение о воинском учёте и признании утратившими силу отдельных положений актов Правительства Российской Федерации» для постановки на воинский учёт, снятия с него и внесения изменений в документы воинского учёта применяется реестр воинского учета. Необходимые сведения могут в него вноситься без личной явки граждан, в том числе на основании данных, поступивших из государственных информационных систем. Оповещение об этом направляется в личный кабинет гражданина на портале Госуслуг.

Расширен перечень сведений, содержащихся в документах первичного воинского учёта.

Это ИНН, СНИЛС, номер сотового телефона, наличие иностранного гражданства, владение иностранными языками, наличие судимости, прохождение военных сборов, возбуждение или прекращение в отношении гражданина уголовного дела, сведения о водительском удостоверении.

Организации должны направлять в военкоматы или органы местного самоуправления сведения о гражданах, подлежащих воинскому учёту, в течение 5 дней с даты их принятия (поступления) или увольнения (отчисления) с работы (из учебного заведения).

Ранее на это отводилось 2 недели.

Обновлена форма повестки.

Прежняя форма, которая применялась для первоначальной постановки на воинский учет, признана утратившей силу.

**ЗАКОНОПРОЕКТ**

**В Госдуму внесен законопроект, предусматривающий конфискацию имущества за фейки об армии России. Это позволит конфисковать деньги, ценности или иное имущество, используемые или предназначенные для финансирования преступной деятельности против безопасности Российской Федерации, а также по решению суда лишать почетных званий за распространение заведомо ложной информации об использовании Вооруженных сил или дискредитацию их использование, публичные призывы к осуществлению экстремистской деятельности.**

**Под мощными ударами советских войск 31 января 1943 года в Сталинграде капитулировала южная группировка немецко-фашистских войск во главе фельдмаршала Паулюса.**

*– Милый, хочешь, я подарю тебе свое сердце?*
*– Ты мне нервы мои верни!..*

* * *

*– Мужик в очереди заглядывает в кошелек и падает в обморок.*
*Его приводят в чувство и спрашивают, что случилось.*
*Мужик отвечает:*
*– Вы представляете, заначку всю жене отдал, а себе зарплату оставил!*

# АДÆЙМАГ Æ ЦÆУÆТÆЙ НИВГУН ÆЙ!..

## ÆХЦÆУÆН РÆСТДЗИЙНАДÆ ÆВИ?..

Уæ цæуæт уæмæ ку нæ игъосонцæ æма сæхе фæндæ ку кæнонцæ, уæд уæхецæн зæрдитæ æвæретæ: сауæнгæ Хуцауи бон дæр нæ адтæй, ке исфæлдиста, уони раст надбæл исаразун.

Хуцау арв æма зæнхæ ку исфæлдиста, уæд уой хуæдфæсте исфæлдиста Адам æма Еви. Æма æ фиццаг дзурдтæ адтæнцæ: «Ма кæнæ уотæ!»

– Ци ма кæнон? – бафарста Адам.

– Тобæгонд рæзæ ма хуæрæ.

– Тобæгонд рæзæ? Æма нæмæ тобæгонд рæзæ ес? Гъей, Евæ! Тобæгонд рæзæ нæмæ ес!

– Ма бахуæрæ еци рæзæ, – загъта Хуцау.

– Цæмæннæ?

– Уомæн æма æз дæ фидæ дæн æма дин зæгъун: ма бахуæрæ, – дзуапп равардта Хуцау æма æхенимæр æхе фæрсуй, æ гъуддаг цæмæннæ ниууагъта, пилти ку исфæлдиста, уой фæсте...

Цалдæр минутти ку рацудæй, уæд Хуцау фæууидта, е 'сфæлдесгæ адæймæгутæ рæзæ куд хуæрунцæ, уой...

– Загътон уин, ма хуæретæ фæткъу, зæгъгæ?

– Гъо, – дзуапп равардта Адам.

– Мадта имæ цæмæн бавналдтайтæ?

– Нæ зонун, – загъта Евæ.

– Мæнæ 'й а райдæдта хуæрун, – Евæмæ амонгæй исдзурдта Адам.

– Æз нæ адтæн! – цæхгæр ниллæудтæй Евæ.

– Ду адтæ, ду. Ду æй райдæдтай хуæрун!

– Нæ, æз нæ адтæн.

Хуцау Адам æма Еви хæлхъойæй ку бафæлладæй, уæд син тæрхон рахаста, цæуæт уин фæззиннæд, зæгъгæ.

* * *

*Уæдæй ардæмæ ниййергути æма цæуæти 'хсæн рахастдзийнæдтæ дæр еугæндзон кæми фæуунцæ. Фулдæр си кæд кæрæдзей лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ фæууй, уæддæр си загъд-дзамана нæ рауайуй. Цард цард æй… Фал уæддæр аци хабарæй испайда кæнæн ес. Кæд дæ зунд æма дæ фæлтæрддзийнадæ дæ цæуæтæн уарзонæй лæвардтай, етæ ба си неци райстонцæ, уæд дæхе æгæр ма 'фхуæрæ. Кæд Хуцауи бон не 'ссæй æ сабийти нивæбæл исахур кæнун, уæд гъæуама дæуæн дæ къохи куд бафтуйа уæхæн ахсгиаг гъуддаг?*

*Уогæ уой уомæ гæсгæ нæ зæгъæн, æма дæ цæуæт ку нæ фæррæстмæ уонцæ, уæд уомæй дæхе æгириддæр ма фудгин кæнай, зæгъгæ. Алцидæр ниййергутæй аразгæ 'й æма сæ еугур равгитæй гъæуама æнхæстæй испайда кæнонцæ сæ цæуæти гъомбæлади, цæмæй си боз æма сæрустур уонцæ. Æндæра кæстæртæ фæйнæхузæнттæй рабайлæгъ унцæ. Уой фæдбæл æнцæ, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци таурæхътæ дæр.*

## БАСТ УЕСОЙНÆ

Еу лæгæн берæ фурттæ адтæй, фал сæ кæрæдзебæл æхцул нæ адтæнцæ, æма уой туххæй сæ цард размæ нæ цудæй. Уæд сæмæ еуугæхæни сæ фидæ фæдздзурдта, ракодта сæ тургъæмæ. Къумæй сæ еуемæн уесойнæ рахæссун кодта æма сæмæ дзоруй:

– Абони гъæуама уæ хъаурæ бавзарайтæ уесойнæбæл. Ка 'й расæтта, е уодзæнæй еугуремæй хъаурæгиндæр.

Фурттæ еугаййæй фæййархайдтонцæ баст уесойнæ фæддууæ кæнунбæл, фал сæ къохи нæ бафтудæй. Уæд син фидæ уотæ:

– Рахæссайтæ 'й ардæмæ.

Фидæ уесойнæ райста, райхалдта 'й æма 'й уесгай сæттун райдæдта.

– Гъе уотæ, мæ хортæ, сумах дæр æнгом ку уайтæ, уæд уин неке неци кæндзæнæй, уæ цард фæрнугдæр уодзæнæй.



Еуæгæйттæй ба уæбæл алкедæр хъаурæгиндæр кæндзæнæй, уæ ирисхъæ – минкъийдæр. Æма кæрæдзей уарзетæ.

Аци цау æнсувæртæн зунди хуасæ фæцæй.

## СОМИ АРГЪ

Еу гъæздуг лæг æрсæйгæ 'й æма абони-исон кодта. Фал мæлун нæ фæразта. Æ берæ мулк иссæй æ сагъæс. Кæмæн æй уадза? Æ еунæг фуртæй æ зæрдæ нæ ирадæй – магосайæй цæлуарзагæ, æ къох уазал дони дæр некæд ниттулдта. Æма хуарзæн бун ма искæнæ, лæгъузæн ба 'й ма ниуудзæ. Фæдздзурдта имæ æма ин уотæ:

– Биццеу, тæрсун, мæ бунтæ мин думгæмæ ку ниддарай: фæллойнæн аргъ кæнун нæ зонис. Исон цо æма дæ уоди номбæл еу сом бакосæ. Æма уæд æнæзæрдæдзоргæй рамæлдзæнæн дæуæн ба – мæ мулк.

Дуккаг бон лæхъуæн рацудæй æ хæдзарæй. Хеерхæфсæн бунæтти фæззилдæй æма изæрæй сæхемæ æрбаздахтæй. Мадæ æй ревæдæй ку фæууидта, уæд имæ еу гæгъæди сом февардта, дæ фидæмæ 'й бахæссæ, зæгъгæ, кенæдта дин æ бунтæ нæ ниуудадзæнæй.

Фидæ райста сом æма 'й æнæдзоргæй арти багæлста. Фурт неци исдзурдта, уотемæй æндæмæ фæррраст æй. Фидæ æ фæсте рагъæр кодта:

– Аци сомбæл ду нæ бахъиамæт кодтай, мæн ба бакуст сом гъæуй! Исон æй æрбахæссæ.

Дуккаг бон дæр бабæй æ рæстæг æнцонтæй рарвиста. Изæрæй æ фидæмæ бацудæй, æ мадæ бабæй ин ци сом равардта, уой хæццæ. Фидæ бабæй æй арти багæлста æма ин байхæс кодта, сæумæй æндæмæ сом куд æрбахæсса.

Лæхъуæн сагъæси бахаудтæй, уотемæй мæ нæбал ниууадздзæнæй, зæгъгæ.

Æртиккаг бон сæумæраги фестадæй æма кустагæр рандæй.

Кæми 'й бакуста, куд æй бакуста, Хуцау æ зонæг, фал изæри фæлладæй еу соми хæццæ æрлæудтæй æ фиди рази. Фидæ ин æ бони фæллойнæ райста, æ цæститæмæ ин æдзинæг никкастæй æма бабæй сом артмæ бадаргъ кодта. Биццеу ибæл сирди хузæн æхе ниццавта, ци косис, æгас бон мæ хед кæбæл фæккалдтон, уой арти амæттаг цæмæ кæнис, зæгъгæ, æма ин æ сом æ къохæй раскъафта.

Фидæ æ медбилти бахудтæй.

## НÆМГÆ НÆ, МАРГÆ!

Зæронд лæги дзæхæрадони задæй еунæг кæрдту бæласæ. Еу бон, рæзæ ибæл ку рарæгъæд æй, уæд ин æ къæлеубæл рауидта еу биццеуи. Уæлæмæ имæ дзоруй:

– Биццеу, цæмæн мин тонис мæ кæрдтутæ? Еунæг еци бæласæ мæмæ ес, æма ме 'скаст уомæ ку æй, уæд цæмæн уотæ кæнис? Æрхезæ æма дзæбæхæй цо уæхемæ.

Биццеу æрхизтæй бæласæй æма æдасæй фендæй сæхемæ.

Дуккаг хатт дæр бабæй зæронд лæг æ бæласæбæл байяафта еци биццеуи. Æрхезун бабæй æй кодта æма ин æ лæдзæгæй æ сунтæмæ æрлæвардта.

Биццеу уæддæр нæ ниууагъта æ миутæ. Багъузтæй бабæй кæрдту бæласæмæ æртиккаг хатт дæр. Зæронд лæг бабæй æй байяафта æма имæ карзæй дзоруй:

– Æрхезæ дæлæмæ, куййи къæбис!..

– Гъо, е ба мæ фæннæмай, – тарстхузæй дзоруй биццеу.

– Нæмгæ нæ, маргæ! – фæгъгъæр кодта лæг. – Дзурд æма над кæмæ нæ гъарунцæ, е цæрунæн нæ бæззуй æма маруйнаг æй.

* * *

*Гъæути ка цардæй, уонæй æ сабийдоги кедæр дзæхæратæй рæзæ ка нæ давта. Уогæ хестæртæ 'й лæдæрдтæнцæ, е уоййасæбæл знагадæ ке нæй, е рæстæгмæ миуæ 'й. Æма, æцæгæйдæр, еци биццеутæ, рабайлагъ уогæй, давгутæ кенæ фудгæнгутæ иссæнцæ. Разагъди лæгтæ си рауадæй, ефстæгтæй уæлдай. Уони туххæй æнцæ мæнæ иннæ таурæхътæ.*

## ЗАР МÆБÆЛ ИСКÆНУН ГЪУДÆЙ

Кæцидæр муггаги лæгтæй еу, Дзæрæхмæт фескъулæхтæй, æма ибæл фæсевæд зар искодтонцæ. Уотемæй бацудæнцæ муггаги хестæри тургъæмæ, æма уоми низзардтонцæ еци зар.

Зæронд лæг сæ размæ рацудæй:

– Арфæ уин кæнæн, æгайтима нин нæ муггагæн уæхæн кадæ искодтайтæ… Гъе, æцæг зар Дзæрæхмæтбæл кæнун нæ гъудæй. Уобæл кæмидæр абæргутæ исæмбалдæнцæ, æ бæх ин байсуйнаг, æхе ба ин рамаруйнаг адтæнцæ, фал е æхуæдæг фæццурддæр æй, æма сæ ниццагъта, æхуæдæг дæр, рохсаг уæд, знаги нæмугæй фæммард æй. Уæхæн хабæрттæ ма адтæй уой размæ дæр. Фал кæд нæ муггагæй ескæбæл зар кодтайтæ, – дзурдта идарддæр зæронд лæг, – уæд зар мæнбæл кæнун гъудæй, æ авд фуртемæй еу дæр æ коммæ кæмæн нæбал кæсуй...

## МÆ ÆВÆРУН ДÆУМÆ КÆСУЙ

Фидæ æ кæстæр фурти æ минкъийæй фæстæмæ алли гъуддаги дæр искъæсибадæг кодта. Ци хуæздæр бадара, ци хуæздæр бахуæра, ци хуæздæр рæвдуд фæууина, ци фулдæр рагъаза, цæйбæрцæ минкъийдæр фæллайа, бакосунбæл æй рауагъта. Æма биццеу куд устурдæр кодта, уотæ налатдæр, æгоммæкæсæгдæр, æдзæсгондæр кодта. Фæстагмæ æ фидæй уæлдай некæмæ бал игъуста, бийнонти, хеуæнтти, синхæгти нецæмæ бал дардта. Цубур дзурдæй, фæснад рацудæй. Биццеуи уагæ фиди зæрдæмæ дæр нæбал цудæй, æма æ хæццæ зæрдæй-зæрдæмæ ахид дзоридæ. Цума имæ хуæздæр зунд æрцудæй, уотæ имæ фæккастæй еу рæстæг æма ин еууæхæни, æ усхъæбæл æ къох æрæвæргæй, уотæ бакодта:

– Уотæ, уотæ, биццеу. Мæ нигæнун дæумæ æнгъæлмæ кæсуй...

Фал уæддæр биццеуæн æ къох, æ зунд хуарзæрдæмæ нæбал раздахтæнцæ. Хускъæ астæуæй багъомбæл æй, æ домæнтæ ба берæ адтæнцæ, æма давунбæл фæццалх æй. Еууæхæни милицæмæ дæр бахаудтæй. Фидæ æ хæццæ ку фембалдæй, уæд ибæл нибборститæ 'й:

– Е цитæ бакодтай, биццеу? Ку нæ фæхходуйнаг кодтай! Банигæдтай мæ!

– Баба, æма уæддæр уотæ ку дзурдтай, мæ мард байвæрун дæумæ кæсуй, зæгъгæ, – фуртæн адтæй æ дзуапп.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 166**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.01.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.01.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рвæтæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**